Pou Piblikasyon Imedya: 4/1/2016 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWEN ESANSYÈL SOUTHERN TIER NAN AKO SOU BIDJÈ ETA 2016-17

Videyo Gouvènè a kap anonse akò ak lidè palmantè nan konferans laprès yè swa disponib nan fòma Kalite TV la ak sou YouTube la

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te prezante akonplisman enpòtan pou Southern Tier nan akò sou bidjè Eta 2016-17 la. Anplis pou kreye yon plan salè minimòm $15 nan tout eta, règleman konje fanmi peye ki pi solid nan peyi a, ak yon rediksyon taks sou revni pèsonèl ki pral redwi taks klas mwayèn lan nan pousantaj ki pi ba depi 70 ane – bidjè a gen ladan tou yon kantite siyati bidjè ki devlope ekonomi an epi kreye yon New York ki pi ansante, pi pwòp, solid ak vèt.

Salè Minimòm: Depatman Travay Eta pwojte 77,291 travayè nan Southern Tier ap eksperimante salè ki pi elve nan kad salè minimòm $15, re-envesti yon estimasyon $495.3 milya nan ekonomi rejyon an.

Konje fanmi peye: Depatman Travay Eta pwojte 185,535 travayè sektè prive nan Southern Tier ap vini kalifye pou 12 semèn konje fanmi peye.

Èd Lekòl: Distri lekòl yo nan Capital Region ap resevwa $1.07 milya nan èd lekòl – yon ogmantasyon de $53 milyon parapò a ane pase. Rejyon an ap resevwa $3.9 milyon dola nan finansman lekòl kominotè.

Redikasyon Taks pou Klas Mwayèn: Bidjè rediksyon taks pou klas mwayèn lan, lè li fin byen enplemante, ap ekonomize kontribyab yo nan Southern Tier 147,348 yon total $97 milyon avèk yon ekonomi mwayèn de $659 pa ane.

- $42 milyon nan finansman CHIPS pou wout lokal ak pon yo.
- $1 milyon pou Inisyativ Anti-Povrete nan Binghamton; $1 milyon nan Elmira; $500,000 nan Oneonta.
- Prospect Mountain Faz II nan Binghamton
- $200 milyon pou yon nouvo konektè wiyt jao sèvi HOST business park nan Konte Chemung
- $65 milyon pou relye Binghamton University ansanm avèk kominote avwazinan yo nan anba lavil la
- $25 milyon pou renove 25.2 kilomèt asfalt ak 5 pon nan Corning

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil
Bidjè a bay $100 milyon pou yon nouvo inisyativ pou finanse lojman transfòmativ, devlopman ekonomik, transpòtasyon ak pwojè kominotè ki fèt pou atire epi kenbe rezidan, vizitè ak biznis yo nan anba lavil. Dis kominote (youn nan chak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal) ki aktyèlman ap eksperimante pèt popilasyon ak/oswa deklen ekonomik ki pral soumèt plan revitalizasyon pou zòn anba lavil yo, devlope an kolaborasyon avèk règleman ak espesyalis planifikasyon yo.

Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State
Bidjè a gen ladan $1 milyon chak pou Binghamton ak Elmira ak $500,000 pou Oneonta grasa inisyativ Rediksyon Povrete Empire State. Sa a pral pote ansanm gouvènman lokal ak eta, òganizasyon non-pwofi ak gwoup biznis yo pou konsevwa epi mete sou pye solisyon kowòdone pou adrese povrete. Anba pwogram lan, New York ap bay sibvansyon planifikasyon ak enplemantasyon, ansanm avèk fon anplis pou adrese pwoblèm ki pi presan yo ke yo te idantifye pandan pwosesis planifikasyon an. Vil yo ki te chwazi pou pwogram nan te seleksyone baze sou konsantrasyon povrete nan minisipalite a.

Lòt inisyativ ak envestisman enpòtan te enkli nan bidjè a ki pral benefisye Southern Tier gen ladan:

Pwogram Kapital Depatman Transpòtasyon $27 milya
Pwogram kapital $27 milya DOT a gen ladan: $21.1 milya pou amelyorasyon kapital pou otowout, pon, ray, enfrastrikti avyasyon, transpò non-MTA, ak etablisman DOT yo toupatou nan eta. Sa gen ladan lansman twa nouvo inisyativ – BRIDGE NY, PAVE NY, ak Pwogram Ranfòsman Enfrastrikti Kondisyon Meteyolojik pou plis amelyore kondisyon wout ak pon sou wout lokal ak eta, ansanm avèk pou bay rezistans nan wout yo ki patikilyèman siseptib nan evènman meteyolojik. Li gen ladan tou $4 milya pou envestisman kapital pou yon sizyèm ane, ak $2 milya nan finansman stabilizasyon Otowout ki pral sipòte amelyorasyon kapital sou tout sistèm Thruway a ak Nouvo Pon New York, pèmèt otorite pou bloke tòll sistèm lan jis nan 2020.

Inisyativ Revitalizasyon Upstate ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal
Pou l bati sou siksè Konsèy Rejyonal la ak Inisyativ Revitalizasyon Upstate yo, Gouvènè a pwopoze pou l kontinye apwòch devlopman ekonomik sa a avèk $950 milyon pou yon sizyèm wonn nan prim Konsèy Rejyonal la ak prim jwè URI yo. Wonn VI nan inisyativ Konsèy Rejyonal la pral gen ladann $750 milyon ki pou separe an konpetisyon ant dis rejyon nan eta a, ak $200 milyon pou finanse gwo pwojè pou jwè nan konpetisyon URI ane pase yo.

Konsèy Rejyonal yo anplas nan ane 2011 pou transfòme apwòch eta a nan devlopman ekonomik nan yon modèl vètikal nan yon apwòch ki baze sou ekonomi epi ki bay pèfòmans. Inisyativ la abilite kominote, biznis ak lidè akademik yo, ansanm avèk manm yo nan piblik la nan chak rejyon Eta New York, pou devlope plan stratejik ki adapte spesifikman nan pwen fò inik rejyon an ak resous nan fason pou kreye travay, amelyore

kalite lavi ak kwasans ekonomi an.

Pwogram Kredi Taks Travay Jèn Iben
Pwogram sa ankouraje biznis anpwaye jèn moun 16 rive 24 lane ki pap travay, ki dezavantaje, kap viv nan vil yo ki gen plis povrete ak chomaj. Alokasyon chak ane a ogmante soti $20 milyon dola rive $50 milyon dola pou lane anboch 2016 ak 2017, kote $20 milyon dola ka afekte nan tout eta a.

$50 milyon dola Envestisman I LOVE NY
Bidjè a gen ladan $50 milyon ogmantasyon pou kanpay I LOVE NY la nan fason pou kontinye devlope gwo sektè touris New York la – ki te responsab pou plis pase 883,000 djòb ak yon enpak ekonomik $100 milya nan ane 2015 la.

$54 Milyon Dola pou Ogmante Kapasite Aplikasyon Lalwa ak pou Ede Konbat Teworis
Dènye atak laterè yo montre yon tandans nan direksyon atak kowòdone kote yo itilize zam datak modèl militè, ansanm avèk gwoup ekstremis ki pran nesans lokalman ki angaje nan atak lous solitè. Atak sa yo pi fasil pou fèt sou tè Ameriken an e yo ka rive nenpòt kote nan Eta New York. Nouvo reyalite teworis sa mande yon apwòch apwofondi nan efò anti-teworis Eta a.

Bidjè a gen ladan yon envestisman $40 milyon, yo te premye pwopoze nan diskou sou eta Gouvènè a, pou ogmanse prezans ajans lapolis atravè eta a, $10 milyon dola pou ekipman sekirite pou ajans lapolis lokal ak $4 milyon dola envestisman pou bay polisye New York State Police fizi gwo pwisans, pwoteksyon blende pou kò yo ak kask balistik pou tèt pou tout twoupè an inifòm kap travay, ansanm avèk fòmasyon ki nesesè pou prepare yo pou menas teworis la kap evolye.

Fon Pwoteksyon Anviwònman
Bidjè a gen ladan afektasyon kredi $300 milyon dola pou EPF, pi wo nivo finansman nan istwa pwogram lan ak yon ogmantasyon $123 milyon dola nan ane fiskal 2016. Ogmantasyon sa ap bay lajan ou pa janm wè pou entandans, pwogram agrikilti, prevansyon ak eliminasyon espès anvayisan, resiklaj minisipal ak yon pwogram jistis anviwonman agresif. Anplis, nivo finansman sa a pral kreye nouvo pwogram pou ede kominote adapte nan chanjman klima atravè planifikasyon rezilyans ak pwojè kapital epi pou diminye emisyon gaz efè sè andeyò sektè elektrisite a.

Lwa sou Modènizasyon Enfrastrikti Dlo
Lwa sou Modènizasyon Enfrastrikti Dlo 2015 lan prevwa sibvansyon pou minisipalite pou modènizasyon sistèm dlo potab ak dlo ize enpòtan anpil. Bidjè ane sa a ogmante finansman lwa soti $200 milyon dola apwouve nan lane 2015, rive $400 milyon dola. Sibvansyon ki bay atravè lwa a pral ede otorite lokal vanse apeprè $2 milya dola nan envestisman pou enfrastrikti lokal dlo potab ak dlo ize pandan y ap kreye apeprè 33,000 dyòb nan konstriksyon.

Konbat Konsomasyon Opyòd

Bidjè a envesti $25 milyon dola nan Biwo Sèvis Konsomasyon Alkòl ak Dwòg la pou konbat pwoblèm ewoyin/opyòm lan, ak yon ogmantasyon nan depans soti $141 milyon dola nan ane fiskal 2016 rive $166 milyon nan ane fiskal 2017 (yon $51 milyon dola ogmantasyon depi ane fiskal 2014). Bourad lajan pral sèvi pou ogmante aksè nan sèvis sipò pou prevansyon, tretman ak rekiperasyon pou moun kap soufri maladi akòz itilizasyon ewoyin, opyòm ak lòt sibstans. Mete sou sa, pou pouse batay kont abi opyoyid la pi lwen, bidjè a gen ladan l inisyativ ki pral mande pou òganizasyon swen kowòdone mande otorizasyon alavans pou renouvèlman opyòd ki depase kat preskripsyon nan 30 jou. Inisyativ la pap konsènen malad kap soufri ak kansè, depranositoz oubyen kap resevwa swen lospis.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418